ISSN 0207-6551

# Нур

6+

1
2019



# Редакторым и псалъэ

Илъэсыщlэ дытехьащ. Дохъуапсэ, дохъуахъуэ. Нэхъыбэрэ ди тхьэлъэlухэм къыхыхьэр «насып» псалъэращ. Сабийм ар куэдрэ зэхах, зыхащlэ фlы гуэру зэрыщытыр, я нэгу къыщlагъэхьэ.

Нанэ и куэщlым упщlэрей цlыкlу зрегъэпшахъуэри адыгэбзэ псалъэхэм емыщхь «насыпыр» зригъэцlыхуну яужь йохьэ:

– Нанэ, сыт насыпыр?
– Псэр зэхъуапсэращ.
– Сыт абы щlехъуапсэр?
– Фlыгъуэщи аращ.
– lэфlура и фlагъыр?
– Фlэфlу гум – гурыхьщ.
– Сыт–тlэ и инагъыр?
– Насып лъагъуэр кlыхьщ.

– Дэнэ ар щыпсэур?
– lуащхьэм и щыгу тхъуам.
– Зэщхьыр сыт насыпыр?
– Дымылъагъу хьэуам.
– Ар къехыфрэ lуащхьэм?
– Дэкlыфарщ ар зейр.
– Сымылъагъу и лъагъуэр...
– Къэлъыхъуэж ууейр.

Бзэр мэпсалъэ, псэм макъамэ еус, lэпэр мэlэсэ.
Мы къыдэкlыгъуэм а lуэхугъуищым гу лъыттащ:

## Псалъэжь

Бзэм егъэlу: псалъэ, псалъафэ,псалъэжь, усэ, уэрэд, хъыбар, н.къ. А псом я нэхъ лъапlэр, я нэхъыжьыр, бзэм къыдежьэу бзэм дэкlуэдыжу, нэхъ гъащlэ кlыхь зиlэр псалъэжьыращ. Абы хэлъщ лъэпкъым и lущыгъэр.

## Макъамэ lэмэпсымэхэр

Цlыхур псалъэ къудейкъым, абы и гум макъамэ еус: щыгуфlэкlэ, щыгуlэкlэ, тхьэ щелъэlукlэ, щылажьэкlэ, щыlэзэкlэ, щызауэкlэ, зыщигъэпсэхукlэ. Атlэ цlыхупсэм жиlэ макъамэ зэхуэмыдэхэр пшыналъэу зыгъэlу лъэпкъ lэмэпсымэхэр уасэ зимыlэж мылъкукъэ?..

## Дыщэидэ

Дуней псом цlэрыlуэ нэхъ щыхъуа фэилъхьэгъуэхэм ящыщщ адыгэ фащэр. Абыкlэ зыдогъэщlагъуэ, ауэ ар къэзыгупсысу зыгъэщlэрэщlа пщащэ lэпэlэсэм я гугъу куэдрэ тщlыкъым. А фащэм теда дыщэидэм нэхъ дахэ ди къэралым зыми имыlауэ щlэныгъэлlхэм къалъытащ. Урысейм и хэдыкlакlуэхэм шылэ lуданэр ягъэтlылъу дыщэ, дыжьын lуданэ къезыгъэщтар ди lэпэlэсэхэращ.

*Аброкъуэ Б.*

Лыгъэ зиlэр мазэхэм мэгушхуэ, Лыгъэншэр мазэгъуэм мэшынэ.

Уэлlалlэр къолlэлlэж.

Зи нэхъыжь едаlуэ и lуэху мэкlуатэ.

Нэпсейр насыпыншэщ.

Уи гур зыхуеlэ

Къуэ бзаджэм яжь

Бзур lукlэ къеубыд.

Блэ

**НАСЫП ІУАЩХЬЭМ тетха псалъэжьхэмрэ псалъэхэмрэ е насыпым ухуашэ, е упыІуаш. Ахэр зэхэвгъэкІ, зытет лъагъуэхэм я плъыфэхэм гу лъыфтэ**

…тэр лъоІэс.

…ъэс, пхъу бзаджэм хасэ урехьэ.

…къамылъхум уанэ хузэщІелъхьэ.

УкІытэр и нэгу щІэлъщ, акъылыр и бзэгу телъщ.

Дахэжьыlэ фІымыщІэ.

…а бащ.

…лъэ гъэІэси, уи нэмыс гъэбыдэ.

Бадзэ къытелъэмэ и шхулъэр йопкІ.

Дыгъужьыдзэ Іутщ, бажэкІэ пытщ.

Гу кІуэм гудзэ къыхеуд.

Бжьэр уэмэ, мэлІэж.

Улажьэм лыжь пшхынщ, умылажьэм лажьэ бгъуэтынщ.

Хьэр и напэщ, кхъуэр и пащІэщ, хьэкІэри кхъуэкІэри зэрепх.

Дзыгъуибгъу зэдеІэмэ, кІэдащхъэ трач.

Уи гуащІэ еплъи уи лъэ гъэбакъуэ.

Лэжьэнкlэ уашхэщ, шхэнкlэ дыгъужьщ.

Блэр зытраукІэр и шэрэзщ.

Ныбэрыдзэ нэхърэ щхьэдзэдзых.

Ажэ цІыкІу бжьакъуэшхуэ.

Акъыл – былымщ (мылъкущ).



# АДЫГЭ МАКЪАМЭ ЗЫГЪЭІУ ІЭМЭПСЫМЭХЭМ СЫТ Я КЪЕЖЬАПІЭ?

## Ашэмэз и къэмыл пшынэр

Ашэмэз зекІуэ къикІыжу жыг щІагъ жьауэм деж гъуэлъри щхьэукъуат. Жей Іувым хэту жьы къыкъуэуам къудамэ къыфІищІыкІри къехуэхащ. Арыххэу къэІуа макъамэм ар къигъэушри едэІуащ дихьэхауэ, итІанэ, а макъыр къыздикІыр къищІэну щызиплъыхьым, къилъэгъуар телъыджэ щыхъуащ. Къудамэм и кугъуэр хьэпІацІэм кърашхыкІауэ зы лъэныкъуэмкІэ жьыр ихьэрт, адреймкІэ пшыналъэу къикІыжырт. Къищтэщ, епщэри, абы лъандэрэ Ашэмэз къэмылапщэ хъуащ.

Адыгэм ди пшынэ пашэхэм ящыщщ къэмылыр. Ар къэмылым, бэтыргъэным къыхахт. Мэлыхъуэхэр мафІэм бгъэдэсу уэршэрурэ сэ жанкІэ и лъабжьэм деж къыщыпагъэжт, ІэмыщІиблкІэ къапщт, мафІэ хьэдзэ цІыкІукІэ и зы кІапэ лъэныкъуэм пэгъунэгъуу гъуанищ пхрагъэсыкІти, макъамэ кърагъэкІыурэ езыхэр щІэжьуукэжу мэлхэр зэхуашэст, ирашажьэт. Узэпщэ нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэри яІащ адыгэм. Сырынэр нэхъ кІэщІщ, гъуанэ нэхъыбэ иІэщ. КІэфий фІалъхьэти макъамэм лъагэу зрагъэІэтырт. Бжьэмий – выбжьэм, ажэм и бжьэм и папцІапІэр пахъукІт, гъуанэ цІыкІу хуащІырти, узэрепщэ щІыкІэм елъытауэ макъым ину зиІэтт. Іэхъуэхэм Іэщыр зэрызэрагъакІуэ, щакІуэхэр мэзым зэрыщызэрыщІэ, жылэми хъыбар зэрырагъащІэ Іэмэпсымэ хъурт бжьэмийр.

## Жьэпшынэ

Псэущхьэ къэс езым и пшыналъэ, пшыналъэ къэс езым и пшынэ яІэжщ. Дунеижьыр щымыджэмыпцІэм, щІылъэ щхъуантІэр щызэпцІагъащІэм цІыхур сабийм хуэдэти, къыжьэдэкІ макъхэри пшыналъэт е уэрэдт. И жьэр и пшынэти, жьыми псыми ежьуут. Ауэрэ жьэпшынэ хъуащ. Нобэр къыздэсым джэгур зэрагъэдахэр,уэрэдым зэрежьуур жьэпшынэщ.

Адыгэм махуэ къэскІэ ялъагъу, къагъэсэбэп хьэпшыпхэм пшынэ лІэужьыгъуэхэри къыхащІыкІт, псалъэм папщІэ: фэ, шылэ, шыкІэ, кІэтІий, бжьакъуэ, къупщхьэ, шабзэ, фочыпэ, фалъэ, сэжьей; къэкІыгъэхэу: пхъэ, бжьын, бэтыргъэн, къэмыл, къэб, нартыхупкъ.

## Сосрыкъуэ и шыкІэпшынэр

Япэрей шыкІэпшынауэу мы дунейм тетар мафІэ къытхуэзыхьыжа Сосрыкъуэу жаІэж. Арами, япэрей шыкІэпшынэр къызытехъукІар шаб-

зэращ. ШабзитI къапщтэрэ, ярыщIа бзэпсхэр зэщыпхъуэмэ, макъамэ дахэ къыпхуигъэкIынущ. Аращ шыкIэпшынэм пшынэ зэщыхъуэкIэ щIеджэр. И цIэр къызытехъукIари гурыIуэгъуэщ: Iэмэпсымэм ищIа бзэпсыр адыгэм гъащIэ гъусэ хуэхъуа шым и шыкIэ налъэрт.

## Пхъэр мэусэ, пхъэр мэхасэ

ШыкIэм и закъуэ мыхъуу, сыт хуэдэ Iуданэри пшэщIмэ, пшынэ тхьэкIумэм ипщIэрэ щIэпIуантIэмэ, пшынэ ныбэм и макъым ар теухуауэ пщIымэ, Пхъэпшынэ къыхэкIынущ. Пасэрейм мэл кIэтIийм, хуэм, шылэ Iуданэм бзэпсыр къыхащIыкIырт. Пхъэм къыхаха дэтхэнэ бзэпс пшынэри Пхъэпшынэщ: IэпэкIэ уеуэмэ, Iэпэпшынэщ, шыкIэ ищIамэ, шыкIэпшынэщ, зэрыщIар жыг дыкъуакъуэмэ, пшынэдыкъуакъуэщ. ХьэщIэщ къэс пхъэпшынэ щIэлът, шууфI къэс и уанэм ар кIэрыщIат. Пхъэпшынэм хэти IэпэкIэ еуэурэ макъ къригъэкIт, хэти бзэкъу-шабзэр щIилъэфмэ нэхъ къищтэрт. Мыбдеж щыжыIэпхъэщ тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зы пасэрей теуэ лIэужьыгъуэ зэрахъумэжар. Абы зэреджэр Пхъэбгъужьщ, пхъэбгъу гъуащ. И кIапитIым шэнт зэрыз щIагъэувэрт, зыуэ, е тIу-щыуэ зэтралъхьэт, кIапсэкIэ зэрапхырти, лъэныкъуитIымкIи цIыхухъухэр IутIысхьэрт. Ахэр зэдежьуужурэ баш цIыкIу тIурытI яIыгъыу зэдекIуу теуIуэхэрт. Нобэ дэ псоми зэхэтх, тцIыху пхъэцIычым и къежьапIэр аращ. Япэ щIыкIэ бэлагъым ещхьу пIащIэу, ауэ нэхъ кIэщIу джэгум хэт цIыху къэс пхъэ пIащIэ тIурытIу зэтрагъауэурэ «цIычцIыч» жиIэу Iэгу папщIэу макъ ирагъэщIу щытащ. ИужькIэ джэгуакIуэ Iэзэхэм ящыщ гуэрым игу къэкIри, щы-плIы, хыблыуэ зэтелъу фэ кIапсэкIэ зэпхауэ нобэ дэ зетхьэ пхъэцIычыр къагупсысащ.

## Пшынэкъэб

Фэлъыркъэбыр пасэрейм унагъуэ къэс ягъэкIырт. Ар къэб лIэужьыгъуэщ. Ар гъуа иужь и фэр пхъэм хуэдэу быдэщи, пхуэмышх щхьэкIэ, фалъэ, псылъэ къыхэпщIыкI мэхъу. Абы пшынэпщэ хуащIт, бзэпсыр иращIэжырти Пшынэкъэб къыхащIыкIырт. Езы къэбым и зы нықъуэр хъурейт топым ещхьу, и ныкъуэр 8 бжыгъэм ещхьт.

## Фэ

Нарт тхьэмадэ Амыщ цIыхур щэкIуэным зэрыригъасэ лъандэрэ, фэр ди гъащIэм хэтщ. Щыгъын, вакъэ, сампIалъэ, фэнд, нэгъуэщIхэри къыхащIыкI. Ауэ куэдым ящIэркъым пшынэ хьэлэмэтхэр абыкIэ ящIу зэрыщытар. Фэндым псы, шху, шэ иту, уанэми кIэрыпщIэ мэхъу, абы нэмыщI сырынэ хэбгъэувэмэ, фэндпшынэщ. Мыр бзэм хэту псалъэу къытхуэнэжа мыхъумэ, нэрылъагъуу щыIэжкъым, ди жагъуэ зэрыхъущи. Нобэ хуиту дгъуэт пхъэ пIащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэдэ щамыIэм, фэ гъэтэджар гъуа иужь пхъэм хуэдэу быдэ зырыхъум къыхэкIкIэ пшынэ тебзэхэр абы къыхащIыкIыу щытащ. ФэтIырпIым (бэрэбанэм) ноби фэ трабзэ.

Зыгъэхьэзырар шыкIэпшынауэ,
КъБКъУ-м и музей унафэщI
***КIЭРЭФ Темболэтщ***

# ПШЫНЭ ІЭМЭПСЫМЭХЭР

- *КІЭФИЙ лІэужьыгъуэхэр (духовые):* **къэмылпшынэ** (флейта), **бжьэмий** (рожок), **гъоу** (рог), **сырынэ** (зурна), **нэкъырэ** (труба, горн), **фэндпшынэ** (волынка), **Іупэпшынэ** (немецкая губная гармошка);
- *БЗЭПС ПШЫНЭХЭР (струнные):* **пшынэдыкъуакъуэ** (лира, арфа), **шыкІэпшынэ** (разн. скрипки), **пшынэкъэб** (домбра из тыквы горлянки), **Іэпэпшынэ** (балалайка);
- *ІЭПЭ ПШЫНЭХЭР (клавишные):* **пшынэ** (гармонь).
- *ТЕУЭХЭР (ударные):* **пхъэтІаркъ** (деревянная коробка с палочкой), **пхъэцІыч** (трещётка), фэтІырпІэ (барабан).

Чэнджэщэгъу тхуэхъуахэр:
***ДУМЭНЫЩ Іэулэдин,***
***ГЪУКІЭ Замудин***




пшынэкъэб
шыкIэпшынэ
пхъэтIаркъ
пхъэцIыч
Iэпэпшынэ
пшынэ
фэтIырпIэ



# Дыщэидэ

*ТАШУ Маринэ дегъэлъагъу*

Iэпэlэсэхэм фэдгъэщlэнущ хэдыкl лlэужьыгъуитl: бээр идэрэ адыгэ идэрэ.

*Дызыхуеинухэр:*

Пхъащэ (пяльцы); щэкl; Iуданэ лlэужьыгъуищ: цы Iуданэ (Iув), шылэ Iуданэ (плъыжь), дыщэ Iуданэ; тхылъымпlэ Iув (тхыпхъэ); хэдыкl мастэ (1, 2); шэху (воск); дыд (шило); щагъэфlэдзэ (крючок); лэныстэ; къэрэндащ.

## Бээр идэ (къалэ идэ)

1. Хэддыкlыну щэкlыр пхъащэм тыдогъэубыдэ **Iуданэ щэху** плъыжьымкlэ.
2. Тхылъымпlэ Iувым дызыхуей тхыпхъэр къыхыдогъэжри и къуапитlыр дыдкlэ доугъуэн, Iуданэкlэ идогъэубыд. Дыщэ Iуданэр захуэу тегъуэлъхьэн щхьэкlэ къэрэндащкlэ идотхъэ.
3. Тхыпхъэм и зы лъэныкъуэм – Iуданэ щэхур, адрейм – дыщэ Iуданэр къыхыдолъэф.
4. Дыщэ Iуданэр тыдоукъуэдие тхыпхъэм.
5. Щагъэфlэдзэмкlэ къыхэтлъэфа Iуданэм идоури идогъэубыд.
6. Iуданэр лъэныкъуитlымкlи зэбгъурытыбзэу захуэу ирыдогъакlуэ, едгъэубыдыурэ.
7. Тедэн зэрыдухыу щэкlым и щlыбагъымкlэ Iуданэхэр зэрыдогъэубыдыж.


1


2


3


4


5


6


7

## Адыгэ идэ (Дыщэидэ)







1. Цы Iуданэ (Iувыр) шэхум щыдохъуэ,  жэр хъун папщIэ.
2. ЩэкIым дызыхуей тхыпхъэр къэрэндащкIэ идотхъэри и къуапитIым Iуданэ щIэбзэ  Iувыр идощIэ.
3. Iуданэ щэху плъыжьымкIэ идогъэубыд.
4. Iуданэ кIапсэхэр зэбгъурыту тхыпхъэм хуэфIыпсу ирыдогъакIуэ Iуданэ щэхухэмкIэ, тхыпхъэм и бгъуагъым елъытауэ едгъэубыдурэ.
5. Ди дыщэидэр зытеддэну щIэбзэр хьэзырщ.
6. ЩIэбзэм бгъуагъкIэ дрикIуащ, дыщэидэм и кIыхьагъымкIэ дыкърикIуэнущ.













7. И бгъуитIым идощIэ дыщэ Iуданэр.
8. Щагъэзэфlэдзэкlэ къыхэтлъэф Iуданэ щэхум итщIэурэ дыкърокIуэ.
9. Ибгъухэми, икухэми зэпрыдзурэ Iуданэ щэхум идогъэубыд дыщэ Iуданэр.
10. ХэдыкIыныр дыуха иужь, уагъэкIэ, щагъэкIэ едгъэубыдурэ дыкъокIуэкIыж тхыпхъэм, нэхъ дахэ тщIыну.

Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***















*ГУЭНГЪЭПЩ Хьэсэнбий*

## ШКАЩІЭ

Нанэ къешыр шэ пІапІу,
ШкащІэм жеІэр: – Му, му, му!
КхъыІэ, псори къыщІумыш,
Шэ сыщыщІэм – занщІэу сош.
Мамэ и шэр хуабжьу ІэфІщ,
Сырикъуху сефэну сфІэфІщ.



*ШАКЪ Иланэ,*

## ПСЫНЭ ЦІЫКІУ

ЩІылъэм псынэ къыщІэжащ,
Мэзым щІэту къожьэ,
Ди мэжджытым къыблэжащ,
Къуажэмкlэ ар къожэ.

Псынэ щІыІэр щэхуу блож,
Дэтщ ар и кІэнауэм.
Ди уэрамымкІэ ар блож,
ТфІощІ къыджиІэу дахэм:

– Сэ сы-псынэ дахэ цІыкІущ,
Хэсша гъуэгур – захуэщ.
СыщІыІабзэщ, сыуэр цІыкІущ,
Си гурылъыр къабзэщ.

*илъэсипщІ, Псынабэ къу.*

*ЩОДЖЭН Леонид*

## МЫШЭ МЫШЫНЭ

– Мышэ,
Умышынэу,
Бгы щыхупІэм
Укъелъэн?
– Сыкъелъэнщ.
– Псы къиуами
Ухэлъэн?
– Сыхэлъэнщ.
– БлапцІэр ІэкІэ
Къэпщтэфын?
– Къэсщтэфынщ.
– Шыпсыранэм
ПцІанэ шыру
Ухыхьэн?
– Сыхыхьэнщ!
– Шы мыгъасэм
Ушэсын?
– Сышэсынщ!
– Умышынэу,
Жэщым мэзым
УкІуэфын?
– СыкІуэфынщ.
– Дыгъужь плъагъумэ,
Ушынэн?
– Сышынэнщ.
– Уэхьэ-хьэхь,
Мышэ-мышынэ,
Уэхьэхьэхь,
Мышэ шына!..





# ПЫХЪ-ХЪ-ХЪ ДЭ КЪЫТХУАТХ



*УЭЗЫ Мухьэмэд*

## ДЗЫГЪУЭ ЦIЫКIУ



Дзыгъуэ цIыкIур гъуэм къижащ.
Джэдуужьым къилъэгъуащ.
Къиубыдыну пIэм къелъащ,
Ауэ дзыгъуэр IэщIэкIащ.
ЩыIэщIэкIым – къэгубжьащ,
Ар дзыгъуэгъуэм IутIысхьащ.
Дзыгъуэм ещэурэ жеящ,
Пырхъ макъышхуи игъэIуащ.
Макъыр дзыгъуэм зэхихащ,
И гъуэ цIыкIум ар къиплъащ.
Щхьэматэжьым къыIуплъащ,
Къыщиудри дыхьэшхащ.

*ТАУ Нинэ*

## БАЖЭ

Ди джэдэщым бажэ
Къыщаубыдащ.
Сэ сыгъуэгыу нанэ
И кIэр сыубыдащ.

– ФымыукI а бажэр.
Феплъыт. Дахэ цIыкIущ.
Дэ джэд Iэджи диIэщ,
Ар и закъуэ цIыкIущ.

– А уи бажэ закъуэм
Куэд я джэд ишхащ,–
ЖиIэри ди дадэ
И псэр хухихащ.

КъуэгъэнапIэм джэдхэр
Хуэму къыкъуокIыж,
ЩхьэщыкIащ шынагъуэр.
Ягу зэрогъуэтыж.

Ауэ сэ согъуэгыр,
СымыудэIуж.
Нани сэ седаIуэу
Гъын щызмыгъэтыж.







«НАРТХЭМ Я ХЪУГЪУЭФIЫ-ГЪУЭХЭР» дунейпсо арт-проектыр сурэтыщI-модельер ТIажь Альбинэ и фондым ирегъэкIуэкI илъэсипщI хъуауэ. А зэманым къриубыдэу абы хэтащ Урысейм и щIыналъэ 36-м щыщу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ 65-м къахэкIа ныбжьыщIэ мин 15-м нэблагъэ. Хамэ къэрал 27-м щыщ сабийхэм я лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ. Мы гъэм ар Къырымым щекIуэкIащ, зэхьэзэхуэм япэу къыхашащ Сирием къикIыжа адыгэ сабийхэр. КъБР-м щыщу я лэжьыгъэхэмкIэ увыпIэ нэхъыщхьэхэр яубыдащ ***Алладинхэ Чанрэ Омаррэ, Уэтей Хьэзем, Абдулыхь Мыхьмуд, Къинай Алимарт, Лъатэ Самэ, Усман Азир, Къардэн Дисэ, Мэхъуэш Гъэшан, Къаныкъуэхэ Уэзырмэсрэ Силинэрэ, Шэхьбанхэ Ахьмэдрэ Верэрэ.***

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч,жылагъуэ лэжьакIуэ Къарэ Ратмир, зэхьэзэхуэм щытекIуа сабийхэр яIущIащ журналистхэм. Заурбэч мэхъуапсэ, кIуэ пэтми зызыужь фестивалым сабий нэхъыбэ хэтыну,абы я гупэ нарт хъыбархэм хуагъэзэну, сурэт щIыным зэфIэкI хузиIэ ныбжьыщIэхэм я цIэ жыжьэ Iуну.

***УЭРДОКЪУЭ Женэ***

## Щапхъэ

***«Нур»** журналым еджэ цIыкIухэм щапхъэ фхуэхъуну сыхуейщ зи школ кIуэгъуэ иджыри мыхъуа пщащэ Iущ, унэтIыныгъэ куэдым щехъулIэну хунэса **Былымгъуэт Данизэ.***

Данизэ Хьэтуейщыщщ. А цIыкIур апхуэдизу нэфIэгуфIэщи къытеплъэр къыдехьэх, зыхэтым фIыуэ къалъагъури зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм деж и ныбжьэгъу цIыкIухэр къыхуэзэшу я унэ къокIуэ.



Данизэ, дэтхэнэ сабийми хуэдэу, гурыхьщ, дахэщ,ауэ нэхъыщхьэр аракъым. А пщащэ гурыхуэр пашэ щыхъуащ район, республикэ, къэралпсо зэхьэзэхуэхэм. Данизэ и ехъулIэныгъэхэм ящыщщ ***«Анэм и тыгъэ», «Си япэ проект»*** район зэпеуэхэр. Мызэ-мытIэу а зэхьэзэхуэхэм Былымгъуэт Данизэ пашэ щыхъуащ. ***«ЦIыхумрэ щIыуэпсымрэ»*** урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуащ.Абы и закъуэ! Данизэ сурэт щIынымкIэ ***«Волшебная палочка»*** урысейпсо зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ.

Былымгъуэт Данизэ бжьыхьэм курыт еджапIэм кIуэнущ. Хъыджэбз жыджэрым школым щIэныгъэ щызэригъэгъуэтыну, и ехъулIэныгъэхэм хигъэхъуэну ди гуапэщ. Фэри, цIыкIухэ, нобэ зэвгъэцIыхуа Данизэ щапхъэ тефхыу фи зэфIэкIхэм хэвгъэхъуэну, фи цIэр дэнэ щIыналъи фIыкIэ щывгъэIуну фыкъыхудоджэ. Данизэ хуэдэу фэри зыкъэвгъэлъагъуэмэ, «Нурым» и еджакIуэхэм ныбжьэгъу пэж фазэрыхуэхъунум шэч хэлъкъым!

***ТЕКIУЖЬ Заретэ***

# Мыщэжьыр щIымахуэм сыт щIэжейр?

Зыкlэ щотхъэжри мыщэр гъэмахуэ мэзым: хуеймэ, мамкъут ешх, хуеймэ, щlымэраклуэ, абы фо хьэкlуэри трешхыхьыж.

Зэгуэрым мыщэжьым, пхъэщхьэмыщхьэ lэтэ зэтриклутарэ ар lэ ижьымкlэ щlигъэмэраклуэу, lэ сэмэгум фор къыпыжу къищтэм и нэlуцэм хэнэжауэ зыlурицlэлъым, зэlурыбзаежу щысу, лъэбыцэжьым и lутlыжым ирихьэлlащ кlэпхъ цlыклу:

– Зыбгъэпсэхуура? Уи пlэкlэ щlымахуэ гъуэмылэр хэт зыгъэтlылъынур?

– Сыт гъуэ-гъуэмылэ зи гугъу пщlыр, уэ жыгъейм?

– Дэ цlыклу, шыклуртlым, мы.

– lукl адэ, сэ ахэр си шхыныгъуэкъым. Сощхьэх...

Арати, бжьыхьэр къэсащ. Мэз lувым и тхьэмпэ щхъуэкlэплъыкlэхэр алэрыбгъу яхуищlауэ зэрылъэкlкlэ псэущхьэхэр егъэхуабэ, арщхьэкlэ ахэм мэжэlэн щlадзэ. Бжьыхьэ жьапщэр зэрыфийр зырикlт, и щхьэр кърихьэклыу мэзышхуэм къыщlэна мыщэжьым и ныбэ нэщlыр зэрыкъугъым елъытауэ. Еуэри, лъэбыцэжьыр, гурыму клуэмлъэуэрэ, тхьэклумэклыхь цlыклум ирихьэлlащ.

– Ей, лъэпсынщlэ, уэ щlымахуэ шхын бгъэтlылъа? – йоупщl абы мыщэ бэлацэр.

– Щlымахуэ шхын жыпlа? (мэдыхьэшх). Сыт щlэзгъэтlылъынур, жыг пхъафэ сшхымэ зэфlэклакъэ, – тхьэклумэклыхьыр лъейуэ ежьэжащ.

Мыщэжьым, жыг нэхъ гъумыщlэм бгъэдыхьэу, мо и лъакъуэшхуитlымкlэ пхъафэ иныфl къытритхъыу щедзакъэм, игу иримыхьу къыжьэдигъэхужащ. Пхъафэ ткlыбжьым нэхъ lеижу щигъэмэжалlэм, ищlэнур имыщlэу ауэ щыт чыцэм кlэщlэгъуалъхьэри, гъэмахуэ псом фор къызыпыжу зэрышха и lэпэм щlэфурэ lурихащ. Жей lувым хэту уэсхъуэт къэхъуам щlихъумащ. Мэзыр уэсчэсейщи лъэбыцэжьыр къызэрыпхухэлъэгъуэн дунейм теткъым, езыри жей lувым дихьэхауэ мэжейри-мэжей, мэжейри-мэжей. Тхьэм ещlэ лъэбыцэжьыр зэпщlыхьыр, фо хьэклуэм хэсу илъагъурэ, хьэмэрэ мамкъутей губгъуэ къигъуэта, сытми, гъатхэ хъууэ, уэс lув тесам къэвыжын щlидзэху къэушакъым.

Апхуэдэ щlыкlэклэ щlымахуэ щlыlэм зыкъезыгъэла мыщэм ар хьэл хуэхъуауэ, илъэс къэси гъэмахуэм щэ зэтрелъхьэ, щlымахуэр къызэрысу жей lувым хелъафэри и щэ lувыр егъэтклуж.

*Цlыклухэ, lэмал хьэлэмэтщ, пэжкъэ? Адрей мэз псэущхьэхэм щlымахуэр зэрырахым теухуауэ фэ сыт фщlэрэ? Фыкъатхэ, нэхъ щlэщыгъуэу къытщыхъур журналым теддзэнурэ «Нур»-ым и ныбжьэгъу пэжхэр щыгъуазэ фытщlынущ.*



«Сабий энциклопедие» тхылъым къитхыжащ.
Зэзыдзэклар **ЩОМАХУЭ Залинэщ**

**«Щlымахуэм и сурэт тхуэфщl»,** – делъэlуат сабийхэми, кърагъэхьар къытеддзащ.

Гъэщlэгъуэнкъэ щlымахуэр псейм зэрыдалъагъур. Ар «Тхылъ плъыжьым» ихуащ, тхъумэн хуейщ.

Журналым къыlэрыхьа мы усэм дэри акъылэгъу дыдохъу.

***ХЬЭМЫКЪУЭ** Марие*

# ПСЕЙ

Псей щlэжыр мэзым хуиту щокl,
Езыр-езыру къокlыр.
Жыг дахэу щыlэм ар йофlэкl,
lущ цlыкlум куэд хулъокlыр.

Ар нэгъуэщl жыгкlэ дымыхъуэж,
Дахагъэр зи щхъуантlагъэр.
Гъэр икlыхункlэ фэтемыкlщ,
Дохуапэ жыг цlыкlу щlагъуэр.

Псей щlэжым и пкъыр пыбупщlам,
Хуеижкъым ар гъэдахэ.
И лъабжьэр щlыгъуу ар хэпщlам,
Щыкlынти ди школ пщlантlэ.

Илъэс къэсыхукlэ зишэщlынт,
Хэхъуэнт сабийм ящlыгъуу,
Ар гъэ къэсыхукlэ дэ дгъэфlэнт
Дигу хэхъуэу дыхуэхъуахъуэу.



***БАХЪУЭ** Ларитэ*, 3-нэ еджапlэ, Хьэтlохъущыкъуей къу.



***КУЛИЕВ** Къурмэн*, 2-нэ еджапlэ, Тырныауз къ.



***БЕКЪУЛ** Миланэ*, 2-нэ еджапlэ, Сэрмакъ къу.



***БЕКЪАН** Самирэ*, 27-нэ еджапlэ, Налшык къ.



***КЪЭЛЭЖЬОКЪУЭ Ларинэ***, 1-нэ еджапIэ, Къармэхьэблэ къу.



***ПУЛАТОВ Осман***, 3-нэ еджапIэ, ХьэтIохъущыкъуей къу.



***ГЫНДЫГЪУ Камилэ***, 2-нэ сабий сад, Дзэлыкъуэкъуажэ



***МОЛЭ Ислъам***, 3-нэ еджапIэ, ХьэтIохъущыкъуей къу.





***ДОКЪУШОКЪУЭ Лаурэ***, 2-нэ еджапIэ, Сэрмакъ къу.




«Русский с Пушкиным»
III международная онлайн-олимпиада по русскому языку
Октябрь 2017
ДИПЛОМ ПОБЕДИТЕЛЯ
Награждается
Амина Анчекова
ученица 1-го класса

Дино олимпиада
Всероссийская межпредметная онлайн-олимпиада
апрель 2018
ДИПЛОМ ПОБЕДИТЕЛЯ
Награждается
Амина Анчекова

BRICSMATH.COM
Вторая международная онлайн-олимпиада по математике для учеников начальной школы
ДИПЛОМ ПОБЕДИТЕЛЯ
Награждается
Амина Анчёкова
ученица 2-го класса



**АНЦОКЪУЭ Аминэ**

ехъулIэныгъэ иIэу Налшык дэт еджапIэ 5-нэм и 2-нэ классым щоджэ. МузыкэмкIэ еджапIэм щIэсщ, сурэт щIыным дехьэх, гъуаплъащIэ IэщIагъэми зыхуегъасэ.




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ* **«НУР»**

Издается С 1 января 1982 года
№ 1 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редатор
***П. ХАТУЕВ***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 15.01. 2019 г.
Выход в свет 28.12. 2018 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2395 экз.
Заказ № 238
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,63 руб.; за 6 мес.– 87,78 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.